**Ádebiyatlar**

1. Мақсетов Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери. –Нөкис: «Билим» 1996.
2. Бекниязов Б. Қарақалпақстан қазақлары тилиндеги соматикалық фразеологизмлердиң лингвомәдений анализи. Докт.дисс (PhD). – Нөкис: 2021.
3. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. I том. –Нөкис: «Қарақалпақстан»,1982.
4. Матжанова А.Ж. "Қарақалпақ тилинде өлим менен байланыслы эвфемизмлер" //«Ilim hám jámiyet». №1.2024.
5. Ешбаев Ж. Қарақалпақ тилиниң қысқаша фразеологиялық сөзлиги. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1985.
6. Пахратдинов Қ., Бекниязов Қ. Қарақалпақ тилиниң фразеологизмлер сөзлиги. –Н.: «Qaraqalpaqstan», 2018.
7. Қарақалпақ фольклоры. 88-100 томлар.



**REZYUME.** Maqolada qoraqalpoq xalqi loikalarida “bawır” tushunchasi oʻrganilib, qoraqalpoq xalqining oddiy urf-odatlaridagi somatik frazeologiya va somatizmlar ochib berilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассмотрены понятия «печень» в ложках каракалпакского народа, раскрыта соматическая фразеология и соматизмы в обычаях каракалпакского народа.

**SUMMARY.** The article examines the concepts of "liver" in the spoons of the Karakalpak people, reveals somatic phraseology and somatisms in the customs of the Karakalpak people.


## ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДАҒЫ ТҮРКМЕН ЭТНОНИМИ МЕНЕН БАЙЛАНЫСЛЫ ОЙКОНИМЛЕР


**М.Д.Қурбанов** – *филология илимлериниң кандидаты, доцент*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** сўз, семантика, топоним, ойконим, этноним, этнотопоним, этноойконим, туркман, халқ, уруғ ва қабилалар.

**Ключевые слова:** слово, семантика, топоним, ойконим, этноним, этнотопоним, этноойконим, туркмены, народ, племя и роды.

**Key words:** word, semantic, toponym, oikonym, ethnonym, ethnotoponym, ethnooikonym, Turkmens, people, tribes and clans.


Топонимлер тил системасында айрықша орын ийелейди. Олардың пайда болыўында апеллятивлер (сөз, сөз дизбеклери, қоспа сөзлер) өнимли қолланылады. Топонимлер белгили бир тил нызамлықлары тийкарында пайда болады, тилдиң сөз жасалыў модельлерине сәйкес дүзиледи. Топонимика өзиниң жеке қуралларын, лексикасын жаратпайды, ал олардың тийкары тил бирликлери есапланады.

Топоним ҳәм сөздиң өз ара қатнасын, қолланылыў шеңберин анықлаў қаншелли зәрүр болса, олардың семантикалық тәреплерин үйрениў де соншелли әҳмийетли есапланады. Себеби, топонимди семантикалық белгилерин есапқа алмай анализлеў мүмкин емес. Топонимниң семантикасы – бул атамадағы объект ҳаққындағы мағлыўматлар, атама бериўшиниң географиялық объектке ҳәр түрли қатнаслары.

Сөздиң топонимге өтиў қубылысы *топонимлесиў* деп аталады. Сөз топонимге өткенде, объектке қатнаслы түсиниктиң конкретлесиў ҳәм индивидуалласыўы нәтийжесинде жүз береди. Дәслеп объекттиң белгисин билдирген сөз оны ажыратып көрсетиў ўазыйпасына өтеди. Сөз апеллятив лексикадан ономастикалық лексикаға өткеннен кейин өзи сыпатлап көрсеткен объекттиң белгилерин билдириў ўазыйпасынан узақласып, объектти басқаларынан ажыратып көрсетиў хызмети, яғный топонимге өтеди.

Топонимикада этникалық белгилер, яғный руў, қәўим, халық, миллет атлары менен байланыслы келип шыққан жер-суў атамалары *этнотопонимлер,* жасаў орынларының атамалары *этноойконимлер* деп аталады. Этнонимлердиң атамаларға көшиўи топонимниң басқа түрлерине салыстырғанда ойконимлерде ҳәм гидронимлерде жийи бақланады. Жасаў орынларының номинациясында социаллық факторлардың жетекшилик етиўи буның тийкарғы себеплеринен бири есапланады.

Этноойконимлер белгили бир аймақта түрли руў, миллет ўәкиллери қоңсы болып жасаған орынларда пайда болады. Этноним белгили бир орынды басқа орыннан парықлаўшы белги болған жағдайда ойконим ўазыйпасын атқарады. Бундай атамалар этнос ийелериниң өзлери тәрепинен емес, әтираптағы басқа этнос ўәкиллери тәрепинен бериледи. Сол ушын да, этноойконимлер, көбинесе, еки этнос ўәкиллери жақын жасаған шегара аймақларда ушырасады. Тийкары этнонимлер болған ойконимлер белгили бир руў, қәўим, миллетлер, олардың тарийхы, миграциясы ҳаққында бай мағлыўматларды өзинде сақлайды. Сондай-ақ, олар ҳәзирги ўақытта ассимиляцияға ушыраған ямаса жоқ болып кеткен халықлардың көшип-қоныў мәнзиллерин анықлаўда тийкарғы дерек бола алады.

Бир қатар илимпазлар жасаў орынларының этнонимлер менен аталыўын халықтың социаллық турмысы ҳәм жасаў шараятлары менен байланыстырады. Профессор Э.Бегматов өзиниң жеке бақлаўларына тийкарланып: «Егер халық отырықшы турмыс кеширсе, онда өзлериниң жасаў орнын сол жердиң тәбийий-географиялық өзгешеликлери тийкарында, ал көшпели турмыс кеширсе руў ҳәм қәўим аты менен атайды» деген еди [7:7].

Этноним тийкарлы ойконимлер Орта Азия ҳәм Қазақстан аймақларында көп ушырасады. Қарақалпақстан топонимиясында этноойконимлер салмақлы орынды ийелейди. Профессор С.Қораевтиң мағлыўматына қарағанда, Қарақалпақстан Республикасы топонимлериниң 1/5 бөлеги этноойконимлер болып [10:190], олар қарақалпақ ҳәм басқа да миллет, қәўим, руў атларынан қәлиплескен. Бул болса, өтмиште ҳәм ҳәзирги ўақытта усы аймақта түрли миллет, қәўим ўәкиллери бирге жасап киятырғанынан дерек береди.

Қарақалпақстан халқының көп миллетли болып қуралыўы узақ тарийхый процеслердиң нәтийжеси

болып табылады. Республика халқының миллий этникалық қурамында түркменлер де белгили орынды ийелейди. Түркменлер қарақалпақ, өзбек ҳәм қазақ халықлары менен узақ дәўирлерден берли бирге жасап киятыр. Түркменлер Өзбекстанның Хорезм, Бухара, Самарқанд, Қашқадәрья ҳәм Ташкент ўәлаятларында өз алдына елат болып жасап атыр. Қарақалпақстан аймағында да түркменлер ертеден берли жергиликли халық пенен бирге араласып, айырым орынларда өз алдына аўыл болып жасап келмекте. Түркменлер республика халқының 5,42%ын қурайды, олардың көп ҳәм тығыз болып жасап атырған орынлары Төрткүл, Беруний, Елликқала, Хожели ҳәм Тақыятас районлары есапланады. Бул аймақларда түркменлердиң айырым этникалық топарлары, атап айтқанда, *ата, игдир, арбашы* ҳәм *яўмытлар* республиканың Төрткүл, Беруний, Елликқала, Шоманай, Қоңырат, Тақыятас, Хожели, Әмиўдәрья районларында өзбек, қарақалпақ ҳәм қазақ халықлары менен биргеликте жасап келмекте [2:69].

Түркменлердиң Қарақалпақстан жерлерине көшип келиўиниң, ямаса бул аймақта турақлы түрде мәкан басыўының тарийхый тийкарлары бар. Ерте ўақытлары бул аймақларда жасаған қарақалпақ, өзбек, түркмен ҳәм қазақ халықларының географиялық жайласыўы ҳәзиргидей шегараланбаған. XX әсирдиң басларында Орта Азия жерлери Түркменстан, Қарақалпақстан, Өзбекстан ҳәм Қазақстан деп бир-биринен шегара арқалы ажыратылған. Усының себебинен шегараға жақын түркмен аўыллары екинши тәрепке, анығырағы, Қарақалпақстан қурамына кирген. Мәселен, Шоманай. Хожели ҳәм Тақыятас районларындағы түркмен аўыллары солардың қатарына киреди.

Республиканың Беруний ҳәм Төрткүл районларында түркменлер жасайтуғын елатлы орынлар басқа жерлерге салыстырған көп ушырасады. Төрткүл районының бир қанша аўылларында, атап айтқанда, Мискин, Ғалаба, Пахтаабад елатлары, Отаюрт, Отаоба, Келтеминар, Пахтачи АПЖ аймақларындағы аўылларда түркменлер көп. Беруний районында түркменлер, тийкарынан, Азат ҳәм Мақтымқулы елатларында жасайды. Төрткүл районында жасайтуғын түркмен-лердиң көпшилиги *ата* руўына, Беруний районындағы түркменлер болса *салыр* (саны жағынан көп болмаған *шаўдыр, гөклен* ҳәм *ерсары*) руўына тийисли [9:80]. Басқа дереклерде Қарақалпақстанның Төрткүл, Беруний ҳәм Елликқала районларында *ата, игдир, гөклен, арбашы* түркменлери жасайтуғыны атап өтиледи [13:18]. Көрсетилген руўлардың бул аймақларға келип қоныс басыўының тарийхый себеплери бар.

Манғышлақ, Үстирт ҳәм Қарақум шөллериниң кең қум майданларын мәкан еткен түркмен қәўимлериниң әзелден Хорезм үлкеси халқы, Хийўа ханлығы менен социал-экономикалық, мәдений ҳәм сиясий жақтан байланысы бар. Ю.Брегелдиң көрсетиўинше, түркменлер Хийўа ханлығында кең көлемде XVII әсирдиң 20-жыллары Аспандиярхан (1623-1642) дәўиринде келе баслаған. Олардың айырым руў-қәўимлери XIX әсир орталарына шекем Хорезмниң бир неше аймақларына турақлы орналасып алған [8:22]. Солардың бир қатары Қарақалпақстан аймағына келип қонысланған. Буны түркмен этноойконимлери мысалында көриўге болады.

XVIII әсир ҳәм XIX әсирдиң басларында түркменлердиң орайласқан мәмлекетлигиниң болмағаны себепли¸ олар руў-тайпа сыяқлы киши топарларға бөлинип ҳәзирги Түркменстанның түрли аймақларына тарқалып кеткен. Халықтың ҳәр жерде жайласыўы, экономикалық ҳәм сиясий жақтан бөлинип жасаўынан пайдаланған ханлықлар, патшалар оларға тез-тез ҳүжим жасап турған. Бул жағдай руўлар арасында түрли келиспеўшиликлерге, аз санлы руўлардың басқа орынларға көшиўине алып келеди. Усының нәтийжесинде Балканда жасаўшы ата түркменлер 1833-1834-жыллары өз мәканын таслап Қарақум шөлине көшип өткен. Соңынан олар екиге бөлинип, бир топары Түркменстанның қубласына (*Қызыларбат, Тежен, Сарагт* районларына), ал екинши топары арқаға, яғный Хорезм аймағындағы отырықшы түркменлер арасына көшип келеди [3:6-7]. Ю.Э.Брегель *ата* түркменлердиң Хорезм аймағына көшип келиўи XIX әсирдиң 20-жылларына туўра келеди, деп көрсетеди [8:35]. Олар Хийўа ханлығында ҳәзирги Ташаўыздың Гөне Үргениш, Айбүйир, Вас аймақларында жасаған [12:93]. Сол дәўирлердеги түркмен руўлары арасындағы келиспеўшиликлер, урыс-жәнжеллер себебинен ата түркменлер 1855-жылы Хийўа ханлығына өзлери жасаў ушын таза қоныс жер сорап барған. Олар 1856-жылы Әмиўдәрьядан өтип арқаға, яғный Қарақалпақстанның ҳәзирги Төрткүл ҳәм Беруний районлары аймақларына келип мәкан басады [4:13]. Басқа бир дереклерде Хийўа ханы Мадаминхан (1845-1855) ата түркменлерди яўмытлар менен өзара келиспеўшиликлери себебинен Қарақалпақстанның қубла аймақларына көширген, деп көрсетилген [11:4].

Ҳәзирги Төрткүл районындағы *Отаоба* (*оба* – түркмен тилинде «аўыл»), *Отаюрт* (юрт – «аўыл») деп аталған аўыллар жоқарыда сөз етилген ата түркменлердиң мәкан басқан орынлары болып табылады. *Ата* руўы менен аталған орынлар Түркменстанның Қызыларбат районы, Серахс посёлкасы (*Ата* аўыл), Тежен районы (еки аўыл бар), Лебап ўәлаятында (*Дарған ата* қалашасы), сондай-ақ, Иранда (*Убык ата*) ушырасады [6:138]. Демек, *ата* руўы түркменлер арасында кең тарқалған ҳәм қурамы жағынан көп санлы руўлардан бири есапланады.

Тақыятас районында *Шаўдыр айланба* деп аталған аўыл бар. Аўыл атамасының келип шығыў дерегин түркменлердиң шаўдыр руўы, олардың усы аймақларға көшип келиў тарийхы менен байланыслы түсиндириў керек. Тарийхый дереклерде көрсетилиўинше, XVIII әсирде Хорезмде түркменлердиң 4 руўы, яғный *салар, яўмыт, шаўдыр* ҳәм *текелер* көп болған. Шаўдырлар XVIII әсирдиң ақыры XIX әсирдиң басларында Хорезм оазисиниң арқа бөлегинде – Арал ийелигинде жасаған, бул жерде *Шаўдырқала* деген қаласы да болған. Мухаммед Рахимханның бул жерлерге қарсы жүрислери нәтийжесинде шаўдырлардың бир бөлеги Манғышлаққа, қалған бөлеги Ярылқап бек басшылығында 1810-жылы Хийўа ханлығына көшип өтеди. Хийўа ханлығы архив ҳүжжетлеринде шаўдырлар 1826-1831-жылары еки аймаққа, яғный Порсу ҳәм Хожелидеги Аманқулы каналы бойына жайласқаны көрсетилген [8:25,29].

Демек, Қарақалпақстан аймақларына шаўдыр түркменлердиң көшип келиўиниң тарийхый тийкарлары бар. С.Атаниязов түркменлердиң *ата, яўмыт, арбашы* ҳәм *дүйечи* руўлары Қарақалпақстанның көпшилик

орынларында жасайтуғынын атап өтеди [1]. Буны Әмиўдәрья, Елликқала, Қанлыкөл, Қараөзек, Тақыятас, Төрткүл, Шоманай, Хожели ҳәм Нөкис районларындағы *Түркмен аўыл, Түркменкөл аўылы* деген аталамалар тастыйықлайды. Хожели районындағы *Яўмытжап* гидроними де усы этирапта *яўмыт* руўы ўәкиллери жасағанынан дерек береди [5:350]. Мысаллардан белгили болғанындай, республика аймағында түркмен этнонимлери қатнасында жасалған ойконимлердиң географиясы бир қанша кең.

Демек, Қарақалпақстан аймағында ертеден-ақ қарақалпақ, өзбек, қазақ ҳәм түркмен миллетлери, олардың руў атлары менен аталатуғын аўыллар, елатлы орынлар көп болған. Бул жағдай усы халықлардың әзелден бирдей социаллық-сиясий, экономикалық шараятта турмыс кеширгени, мәдений, тиллик ҳәм тарийхый фактлериниң бир-бири менен тығыз байланыслы екенин көрсетеди. Жергиликли этноойконимлердиң илимий анализинде усылар басшылыққа алынады.

Жуўмақлап айтқанда, дәўирлер өтиўи менен түрли социаллық-сиясий, тарийхый шараятларға байланыслы аз санлы қәўимлер, этникалық бирикпелер көп санлы халықлардың қурамына қосылып ассимиляцияласыўы, буның нәтийжесинде олардың этникалық белгилери умытылып жоқ болып кетип, этнотопонимлер (*этноойконимлер, этногидронимлер*) баҳалы дерек хызметин атқарады. Қарақалпақстан республикасында жасап атырған халықлардың қәлиплесиў тарийхын, этногенези, жасаў мәнзиллерин үйрениўде тарийхый, археологиялық, этнографиялық материаллар менен бирге лингвистикалық, соның ишинде топонимикалық фактлер де үлкен әҳмийетке ийе.

**Әдебиятлар**


1. Ataniyazov S. Türkmen boylarinin geçmişi, yayilişi, bugünkü durumu ve geleceği. // https://bilig.yesevi.edu.tr/yonetim/icerik/makaleler/3475-published.pdf
2. Babayeva M., Qutibaeva A. Qoraqalpog‘iston turkmanlari tilining o‘rganilishi tarixi. // Ilim hám jániyet. – Nókis: 2023. №3.
3. Аразкулыев С. Гарагалпагыстан АССР-ниң Дөртгүл районындакы түркмен геплешиклери. -Ашгабат: 1961.
4. Аразов А.Т. Қарақалпақстан түркменлериниң сөйлеў тили менен қарақалпақ тилиниң өз ара тәсири ҳәм интерференция қубылысы: Филол. илим. канд. … дисс. – Нөкис: 2006.
5. Атаниязов С. Түркменистаның географик атларының дүшүндиришли сөзлүги. – Ашхабад: «Ылым», 1980.
6. Басилова В.Н. О происхождении туркмен-ата (простонародные формы среднеазиатского суфизма). // Домусульманские верования и обряды в Средней Азии. – М.: «Наука», 1975.
7. Бегматов Э. Жой номлари – маънавият кўзгуси. – Тошкент: «Маънавият». 1998.
8. Брегель Ю.Э. Хорезмские туркмены в XIX веке. – М.: Изд-во Восточной литературы, 1961.
9. Курбанова З.И. Некоторые данные о переселении туркмен в Турткульский и Берунийский районы Каракалпакстана в XX веке. // ӨзР ИА ҚҚБ хабаршысы. – Нөкис: 2004 №3-4.
10. Қораев С. Ўзбекистон вилоятлари топонимлари. – Тошкент: Ўзбекистон миллий энциклопедияси, 2005.
11. Лобачева В. П. Очерк культуры и быта колхозников освоителей Кызылкумов (По материалам колхоза им. М. Горького Турткульского района КК АССР). //Занятия и быт народов Средней Азии. Вып. III. -Л.: «Наука», 1971.
12. Марков Г.Е. Очерк истории формирования северных туркмен. – М.: Изд-во МГУ, 1961.
13. Сапаров М. Хоразм воҳасидаги туркий тилларнинг ўзаро муносабатлари (Ўзбек ва туркман тиллари материаллари мисолида). – Тошкент: «Фан», 1988.


**РЕЗЮМЕ.** Мақолада Қорақалпоғистон этноойконимлари, жумладан, туркман миллати, унинг таркибига кирувчи уруғ номлари билан боғлиқ ойконимлар, уларни ўрганишнинг аҳамияти, туркманларнинг мазкур ҳудудга кўчиб келиш тарихи, жойлашиш ареаллари таҳлил қилинган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье анализируются этноойконимы Каракалпакстана, в том числе туркменский народ, названия, связанные с названиями входящих в него родов, важность их изучения, история миграции туркмен в этот регион, ареалы их расселения.

**SUMMARY.** The article analyzes the ethnooikonyms of Karakalpakstan, including the Turkmen people, names associated with the names of its clans, the importance of their study, the history of migration of Turkmen to this region, and the areas of their settlement.

## QARAQALPAQ NAQÍL-MAQALLARÍ QURAMÍNDA “BAS” KOMPONENTLI SOMATIKALÍQ BIRLIKLER

**Q.A.Mámbetalieva** – *tayanısh doktorant*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so‘zlar:** maqol, frazeologik birlik, somatik birlik, emotsional ekspressivlik ma’nosi.

**Ключевые слова**: пословица, фразеологизм, соматическое единство, смысл эмоционально-выразительности.

**Key words**: proverb, idiom, somatic unity, meaning of emotional-expressiveness.

Qaraqalpaq tili túrkiy tiller ishinde óziniń bay sózlik fondı menen belgili orındı iyeleydi. Qaraqalpaq folklorındaǵı naqıl-maqallar óz aldına úlken bir janrdı quraydı. Naqıl-maqallar ata-babalarımızdan miyras bolıp qalǵan tillik qádiriyatlar sıpatında áwladtan-áwladqa, atadan-balaǵa taralıp, házirgi kúnge shekem jetip kelgen.

XXI ásirde til iliminde túrli tarawlarınıń payda bolıw basqıshında paremiologiya tarawı da tez pát penen rawajlana basladı. Paremiologiya – til biliminiń jańa tarawı bolıp esaplanadı. Grekshe paroimia naqıl-maqal, hikmet hám logos (ilim) degen sózlerden alınǵan, hár qanday tildiń paremiologiyalıq sistemasın izertleydi. Til biliminde paremiologiya termini eki mánide túsiniledi:

1. Paremiyalardı – naqıl-maqallardı izertleytuǵın pán, taraw, yaǵnıy til biliminiń hár qanday xalıq naqıl-maqalları tilin izertleytuǵın tarawı;
2. Belgili bir tilge tán paremiologiyalıq birliklerdiń, naqıl-maqallardıń jıyıntıǵı [5:12].